

10 REYALITE OU FÈT POU KONNEN SOU PWOGRAM KOUPON POU ACHE MANJE A

Reyalite: Pwogram kupon pou achte manje a se pa yon pwogram byenèt sosyal (wèlfè) li ye. Se yon pwogram ki bay asistans ak nitrisyon epi li ede moun ak fanmi ki fè ti salè piti achte manje epi manje manje ki bon pou lasante.

Reyalite: Pwogram kupon pou achte manjé-a sé yon pwogram privilej li yé. Sa vlé di ninpot ki moun ki apliké, épi yo deteminen li elijib, ap jwen bénéfis kupon pou achte manjé.

Reyalite: Kupon pou achte manje yo la pou moun ak fanmi ki elijib, yo la tou pou granmoun aje, moun enfim, kay ki gen moun kap travay ladan li, kèk imigran legal ak pitit yo ki fèt nan Etazini.

Reyalite: Gen moun ki posede oswa achte kay epi ki toujou jwenn kupon pou achte manje malgre sa. Yo pa konte kay la ak tè kote kay la ye a kòm yon resous nan Pwogram Kupon pou Achte Manje a (Food Stamp Program). Pwogram Kupon pou Achte Manje a pa egzije yon moun pou li siyen kay la kòm avalwa.

Reyalite: Nan lane 2000, granmoun aje ki abite poukont yo te resevwa \$43 an mwayèn pa mwa; epi granmoun aje ki pa abite poukont yo te resevwa benefis ki te anviwon \$118 pa mwa.

Reyalite: Si yon granmoun aje oswa yon moun enfim pa ka ale nan biwo kupon pou achte manje a, li ka mande pou yo bali yon entèvyou pa telefòn. Moun nan ka mande yon fanmi, pastè, vwazen, eksetera, pou ale nan entèvyou a kòm yon reprezantan ki gen otorizasyon li. Moun ki fè aplikasyon pou SSI ak moun ki resevwa SSI ka fè aplikasyon pou benefis pou kupon pou achte manje tou nan Biwo Sekirite Sosyal la (Social Security Office).

Reyalite: Ou ka dedwi depans medikal ki depase \$35 pa mwa nan kantite salè total kay la amwenke yon konpayi asirans oswa yon moun ki pa yon manm nan kay la peye pou yo. Se kantite ki anplis sou \$35 ou ka dedwi.

Reyalite: Limit résous pou kay ki gen granmoun ou byen moun enfim ladan yo rive jiska \$3,000. Limit résous pou tout lot kay rive jiska \$2,000.

Reyalite: Fanmiy kapab résévwa kupon pou achte manjé pandan ké yo kontinwé résévwa Meals-on-Wheels (manjé tou preparé ki delivré lakay ou), Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Spesyal pou Fanm, Bénéfis pou Bébé ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children - WIC) ak Pwogram Nitrisyon Timoun (Child Nutrition) tankou Pwogram Manjé Lékol (School Lunch Program).

Reyalite: Jis paske yon kay gen imigran legal ladan li ki resevwa benefis Pwogram Kupon pou Achte Manje, sa pa vle di kay la se yon Chaj Piblik poutèt sa.

Koupon pou Achte Manje Fè Etazini Vin Pi Pwisan

USDA se yon òganizasyon ki bay tout moun menm opòtinite pou jwenn travay.